

## **BAB I BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang**

Tatar Sunda mangrupa salah sahiji wewengkon nu beunghar ku rupaning budaya, di antarana budaya lisan jeung budaya tulisan. Budaya lisan (*folklore*) leuwih tiheula sumebar, nu diwariskeun sacara turun-tumurun (Danandjaja, 1997, kc. 2).

Catetan ngeunaan sumebarna budaya tulis mimiti kasusud ti mangsa karajaan Tarumanagara dina abad ka-4 Masehi (Suryani, 2011, kc. 6). Titinggal sajarah nu mangrupa tulisan di antarana prasasti. Prasasti mangrupa tulisan nu aya dina batu, ilaharna ditulis kalawan singget. Salian ti prasasti, aya ogé naskah (*manuscript/handscript*), naskah nu pangkolotna kapanggih dina abad ka-15 nepi ka-16 Masehi.

Nurutkeun Santoso spk. (2005, kc. 22), naskah atawa karya tulis jaman baheula mangrupa titinggal sajarah jeung kabudayaan nu bisa méré informasi ngeunaan pikiran, rasa, jeung informasi ngeunaan kahirupan nu kungsi kasorang. Saéstuna dina kajian filologi, kecap naskah jeung manuskrip mangrupa wangenan nu sarua, nyaéta dokumén kuno nu ditulis ku leungeun (Amin, 2011, kc. 91).

Dumasar pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén naskah nyaéta tulisan leungeun nu eusina mangrupa pikiran jeung gagasan manusa mangsa bihari.

Rupa-rupa aksara nu kungsi digunakeun dina nulis naskah di antarana Sunda Kuna, Buda/Gunung, Jawa (Cacarakan), Arab Pégon jeung Latén. Nurutkeun Ekadjati jeung Undang Ahmad Darsa dina Ruhaliah (2012, kc. 19), naskah Sunda nu maké aksara Arab leuwih loba jumlahna dibanding naskah Sunda séjénna. Ieu hal nandakeun yén urang Sunda kapangaruhan ku agama Islam. Nurutkeun Ruhaliah (2012, kc. 21), aksara Pégon nyaéta aksara Arab (Hijaiyyah) nu geus dimodifikasi, disaluyukeun jeung éjahan basa Sunda. Ieu aksara, aya nu sarua pisan jeung huruf Hijaiyyah aya ogé nu méh sarua atawa ukur ngaharib-harib.

Élmu nu ngulik jeung nalungtik ngeunaan naskah nyaéta filologi. Nurutkeun Santoso spk. (2005, kc. 24), sacara jembarna filologi nyaéta élmu ngeunaan kamekaran budaya hiji bangsa nu ngawengku basa, sastra, seni, jeung sajabana. Kamekaranna

diulik di antarana ngaliwatan naskah atawa manuskrip kuna, saterusna ditalungtik, ditalaah, diteuleuman, jeung ditafsirkeun.

Naskah-naskah buhun nu sumebar di tatar Sunda kawilang réa, aya nu geus jadi inventaris perpustakaan nasional jeung museum, aya ogé nu masih sumebar di masarakat. Naskah-naskah nu kapanggih eusina rupa-rupa kayaning kaagamaan, sastra, sajarah, obat-obatan, arsitéktur, jeung réa-réa deui. Naskah-naskah nu masih aya di masarakat atawa milik pribadi kaasup hésé pikeun ditalungtik tur dianalisis eusina, sabab dianggap barang pusaka jeung sakral ku nu bogana. Ku kituna teu bisa dibuka jeung dibaca sagawayah, sabab aya waktu-waktu nu tangtu pikeun muka jeung macana, malah aya ritual husus pikeun muka éta naskah. Béda deui jeung naskah anu geus jadi invéntaris perpustakaan nasional atawa museum, leuwih gampang pikeun ditalungtik jeung dianalisis eusina.

Salah sahiji naskah sastra téh nya éta wawacan. Wawacan mangrupa karya sastra Sunda anu diréka dina wangun tinulis, nu dimimitian ku tulisan leungeun (Ruhaliah, 2012, kc. 2). Jadi, wawacan mangrupa karya sastra naratif anu disusun dina wangun pupuh. Judul wawacan nu baris ditalungtik nya éta “Wawacan Said Saman”.

Aksara nu dipaké dina naskah “Wawacan Said Saman” nya éta aksara Pégon. Ku kituna, sangkan eusi naskah babari dipikaharti, perlu ditransliterasi atawa ditulis maké aksara Latén nu ilahar dipaké jaman kiwari.

Naskah “Wawacan Said Saman” baris dipaluruh ku cara transliterasi. Nurutkeun Baried (1985, kc. 65), transliterasi miboga harti ganti jenis tulisan, huruf demi huruf, tina abjad hiji ka abjad séjén. Cindekna, transliterasi nyaéta ngarobah hiji aksara kana aksara séjén. Contona ngarobah aksara Pégon kana aksara Latén.

Naskah “Wawacan Said Saman” diwangun ku sapuluh pupuh, di antarana waé: Asmarandana, Kinanti, Dangdanggula, Sinom, Mijil, Pangkur, Magatru, Durma, Maskumambang, jeung Pucung, tur ngandung carita nu ngaguluyur. Jadi bisa dianalisis ku pamarekan struktural. Koswara (2011, kc. 45) nétélakeun yén hiji karya sastra nu mangrupa rékaan, hakékatna mangrupa hiji struktur. Struktur dibina ku unsur-unsur karya sastra, nu ahirna sastra téh mangrupa hiji binaan organik. Maksudna, fungsi unsur-unsurna silih rojong. Analisis struktural disebut ogé pamarekan objéktif nu

nganalisis karya sastra dumasar kana unsur sastrana wungkul, atawa nganalisis unsur intrinsikna kayaning téma, galur (plot), tokoh jeung latar.

Panalungtikan ngeunaan analisis struktur lain panalungtikan munggaran, geus aya panalungtikan saméméhna, di antarana waé: “Transliterasi jeung Analisis Struktural Wawacan Gandamanah” ku Euis Ratna Suminar taun 2014, “Analisis Struktur Wawacan Surya Ningrum pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Buhun di SMA Kelas XII” ku Nurlaelasari taun 2014, jeung “Transliterasi jeung Analisis Struktural dina Naskah Babad Galuh pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Buhun di SMA Kelas XII” ku Andriani Sasmita taun 2015.

Réa mangpaat nu kacangking tina panalungtikan di luhur. Pikeun widang basa, éta panalungtikan bisa ngajembaran kabeungharan kecap. Pikeun widang sastra, bisa leuwih mikawanoh jeung neuleuman karya sastra buhun. Pikeun widang atikan mangpaatna bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca wawacan.

Dina Kurikulum Daérah (K13 Revisi 2017) basa Sunda kelas XI, aya kompetensi dasar ngeunaan maca wawacan. Upama dipatalikeun jeung ieu panalungtikan, tangtu raket patalina. Hartina, wawacan anu ditalungtik bisa dijadikeun bahan pangajaran maca wawacan di SMA kelas XI.

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Naskah ‘Wawacan Said Saman’ pikeun Bahan Pangajaran Maca Wawacan di SMA Kelas XI (Ulukan Filologi jeung Struktural)” perlu dilaksanakeun sarta baris aya mangpaatna pikeun masarakat tur bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran di sakola.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha déskripsi naskah “Wawacan Said Saman”?
- b. Kumaha struktur carita naskah “Wawacan Said Saman”?
- c. Luyu atawa henteu “Wawacan Said Saman” dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca wawacan di SMA kelas XI?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan kabagi dua, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum nu baris dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaguar “Wawacan Said Saman” kalawan ngagunakeun ulikan filologi jeung struktur pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca wawacan di SMA kelas XI.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan:

- a. Ngadéskripsikeun eusi naskah “Wawacan Said Saman”.
- b. Nganalisis struktur naskah “Wawacan Said Saman”.
- c. Néangan alternatif bahan ajar maca wawacan di SMA kelas XI.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis**

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta: dipiharep bisa nambahan pangaweruh tina naskah anu ditransliterasi sarta méré pangaweruh ka balaréa ngeunaan naon-naon nu aya dina naskah “Wawacan Said Saman”, boh caritana boh strukturna.

#### **1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran paélmuhan tina hasil nu digarap, bisa apal kana eusi naskah “Wawacan Said Saman”, jeung bisa nyaho struktur carita “Wawacan Said Saman”.
- 2) Pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun bahan acuan pikeun panalungtikan satuluyna.

#### **1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngahudang sumanget pikeun miara warisan budaya karuhun Sunda saperti wawacan nu ngandung ajén luhung. Ogé pikeun pamaréntah, hasil transliterasi naskah “Wawacan Said Saman” bisa dilarapkeun dina buku ajar basa Sunda pikeun bahan pangajaran maca wawacan.

#### **1.4.4. Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial**

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré sumbangsih dina mantuan transliterasi naskah, sarta bisa ngarojong aktivis kasundaan pikeun ngainventarisasi naskah nu aya di balaréa sangkan bisa dimumulé kalawan bener.

### **1.5 Sistematika Tulisan**

Struktur organisasi skripsi miboga fungsi pikeun méré gambaran dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab saperti di handap:

- a. BAB I mangrupa bubuka nu eusina ngawengku kasang tukang nulis skripsi, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.
- b. BAB II eusina mangrupa tiori ngeunaan naskah, wawacan, transliterasi, ulikan filologis jeung struktur caritana. Struktur carita nu dimaksud ngawengku: téma, palaku, latar jeung galur.
- c. BAB III eusina mangrupa métodologi panalungtikan, ngawengku: desain panalungtikan, sumber data, prosedur/alur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data. Anapon téhnik ngolah data nu dipaké nya éta naskah tunggal.
- d. BAB IV mangrupa hasil panalungtikan. Hasil tina ieu panalungtikan téh mangrupa déskripsi naskah, hasil transliterasi sarta kajian filologi jeung struktural.
- e. BAB V eusina mangrupa kacindekan jeung rékoméndasi (saran) tina hasil analisis filologi jeung ulikan struktural.